



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

Jiska midi jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 90% nan premye dòz yo te resevwa nan men Gouvènman Federal la

Done demografik nan tout eta a pou pwofesyonèl lopital yo: 63% benefisyè vaksen an te Blan (70% popilasyon kalifye a); 10% benefisyè vaksen an te Afwo-Ameriken (17% popilasyon kalifye a); 10% benefisyè vaksen an te Ispanik oswa Latino (8% popilasyon kalifye a); epi 16% benefisyè vaksen an te Azyatik (11% popilasyon kalifye a)

Tablodbò Vaksen an pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogam vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a. Yo te libre total alokasyon vaksen federal semèn 6 lan bay founisè yo pou administrasyon. Jiska midi jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te resevwa 1,554,450 premye dòz epi yo te bay 90 poustan oswa 1,393,064 premye dòz vaksinasyon ak 75 poustan premye ak dezyèm dòz yo. Livrezon alokasyon semèn 8 gouvènman federal la p ap kòmanse anvan mitan semèn sa.

Yè, Gouvènè a te anonse done demografik sou pwofesyonèl lopital yo nan gwoup kalifikasyon 1A ke yo te ofri epi te aksepte vaksen an. Repatisyon demografik popilasyon 1A kalifye a se pwofesyonèl lopital 70 poustan blan; 17 poustan se Afwo Ameriken; 8 poustan se Ispanik oswa Latino; ak 11 poustan Azyatik. Nan total popilasyon kalifye 1A, 63 poustan benefisyè vaksen an te blan, 10 poustan benefisyè vaksen an te Afwo Ameriken; 10 poustan benefisyè vaksen an te Ispanik oswa Latino, ak 16 poustan benefisyè vaksen an te Azyatik.

"Yo te libre totalite alokasyon pou semèn sèt nou an bay founisè yo yè epi New York deja te administre 90 poustan nan premye dòz li yo pandan l ap priyorize jistis ak ekite. Semèn apre semèn, nou fini ak rezèv vaksen nou an epi esansyèlman rete ap tann livrezon semèn k ap vini an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa pa inik pou New York, sa ap rive nan eta yo atravè peyi a paske administrasyon anvan an te mal jere ak politize pwosesis distribisyon vaksen an depi nan kòmansman lòske yo pa te kòmande ase vaksen nan men fabrikan yo. Avèk nouvo lidèchip nan Washington lan, nou ka wè limyè ki nan pwent tinèl la men nou dwe kontwole atant nou yo. Pwodiksyon vaksen an

sèlman ap pran sis a nèf mwa. Annatandan, n ap kontinye distribiye apwovizyonman nou resevwa a rapid ak san patipri jan nou te fè sa depi nan kòmansman."

Anviwon 7,1 milyon Nouyòkè kalifye kounye a pou resevwa vaksen an. Gouvènman federal la te ogmante apwovizyonman pa semèn nan a 16 poustan pandan twa semèn k ap vini yo, men gwo rezo distribisyon New York ak gwo popilasyon moun ki kalifye yo toujou lajman depase apwovizyonman k ap soti nan gouvènman federal la. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Chif pwogram vaksinasyon yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, e yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a midi jodi a:

REPATISYON NAN TOUT ETA A

- Premye Dòz yo Resevwa - 1,554,450
- Premye Dòz yo Bay - 1,393,064; 90%
- Dezyèm Dòz yo Resevwa - 725,050
- Dezyèm Dòz yo Bay - 307,662

Rejyon	Kantite Dòz yo Resevwa Ototal (1ye ak 2yèm)	Kantite Dòz yo Administre Ototal (1ye ak 2yèm)	% Total Dòz yo Bay/Resevwa (1ye ak 2yèm)
Capital Region	137,840	114,685	83%
Central New York	108,865	104,948	96%
Finger Lakes	136,255	113,098	83%
Long Island	288,360	212,802	74%
Mid-Hudson	219,420	144,699	66%
Mohawk Valley	59,860	35,922	60%
New York City	1,040,800	757,044	73%
North Country	62,350	41,358	66%
Southern Tier	67,835	47,274	70%
Western New York	157,915	128,896	82%
Nan tout Eta a	2 279 500	1 700 726	75%

	1ye dòz livrezon konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo	2yèm dòz livrezon konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	90,675	0	90,675	N/A
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	392,025	0	392,025	482,700
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	201,500	0	201,500	684,200
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	160,050	90,675	250,725	934,925
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	209,400	45,825	255,225	1,190,150
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	428,100	678,500	1,868,650
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	250,400	160,450	410,850	2,279,500

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 75 poustan premye dòz ke yo te resevwa nan men gouvènman federal la men akòz repatisyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou ou detèmine si ou elijib ak

pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)